


Teknik pou Ansèyman Efikas

Manyèl Pou Pwofesè
Modil pou 5 Video

Me 2018
Kreyól





Manyèl sa te devlopè avèk Blue Butterfly Collaborative an patenarya avèk InnovEd/ UniQ ak Inivèsite Notre Dame, nan Indiana, Etazini. Manyèl sa a posib avèk sipò Fondasyon W.K. Kellogg. Li fèt avèk ansanm ak 5 modil videyo Inivèsite Notre Dame te komisyonè. Inivèsite Notre Dame te resevwa finansman ki soti nan United States Agency for International Development pou pwodwi videyo yo.

Blue Butterfly Collaborative se yon òganizasyon ki baze nan Etazini. Misyon li se pou ede pwodikté nan peyi tankou Ayiti devlope bon kalite medya edikatif. Gade www.bbutterfly.org

InnovEd-UniQ se yon enstiti nan Inivèsite Quisqueya nan Pòtoprens, Ayiti. Misyon li se de onore dwa moun pou yo jwenn edikasyon gras a rechèch ki amelyore devlopman pwofesyonèl yo e pou yo transfòme reglemantasyon ak pratik ansèyman nan sistèm edikatif ayisyen an.

ACE Haiti se yon pwogram andedan Enstiti pou Inisyativ Edikasyon nan Inivèsite Notre Dame. Ace Haiti, travay avèk òganizasyon Katolik lokal ak entènasyonal pou ranfòse konsèp katolik, fè fòmasyon ak rechèch pou ede ak ansèyman ak aprantisaj nan salklas yo. <https://ace.nd.edu/haiti>

InnovEd
UniQ Institut Supérieur
de Formation

BLUE BUTTERFLY
COLLABORATIVE

 UNIVERSITY OF
NOTRE DAME

Kontni

Byenveni nan.....	1
Teknik Pou Ansèyman!.....	1
MODIL 1: M ap li nèt ale ak Je parle bien Francais.....	2
Videyo sa kapab ede ou:.....	2
An nou fè konesans ak materyèl pwogram nan!.....	2
Pou Kòmanse.....	3
Kesyon pou refleksyon.....	4
MODIL 2: Lekti Nan Lang Matènèl.....	5
Videyo sa ape de ou:.....	5
Pwen Kle Nan Videyo A:.....	5
Li Pou Elèv Ou Yo:.....	5
Bay elèv ou yo opòtinite pou yo pratike lekti.....	8
Varye diferan kote timoun yo ka fè lekti!.....	8
Ede timoun yo konprann ke Lekti a toupatou.....	8
Kite elèv ou yo sèvi ak liv yo !.....	9
Kesyon pou Refleksyon.....	9
MODIL 3: Teknik Ansèyman Milti-Modal.....	10
Videyo sa a ap ede ou:.....	10
Teknik Vizyèl.....	10
Egzanp: Matematik.....	10
Egzanp: Syans.....	11

Kontni

Egzanp: Istwa.....	11
Oditif.....	12
Kinèstetik.....	12
Fè Pwòp Zouti Ou!.....	13
Materyèl pou ou ranmase pou itilize nan klas:.....	14
Kesyon pou refleksyon.....	15
MODIL 4: 100% Patisipasyon.....	16
Videyo sa ape de ou:.....	16
Vire-Pale.....	16
Leve Kanpe, Leve Men, Travay A De (2).....	17
Siyal Men:.....	18
Kesyon Pou Refleksyon.....	19
MODIL 5: Disiplin Pozitif Nan Klas La.....	20
Pwen Kle Nan Videyo Sa a:.....	20
Bay yon bon egzanp.....	20
Prepare ak Akeyi.....	21
Estrateji Sal Klas La.....	21
Kesyon Pou Refleksyon.....	22
Mo Nou Dwe Konnen.....	23
Remèsiman.....	25

Byenveni nan Teknik Pou Ansèyman!

Pwogram sa kreye pou ou!


Men sa nou pral aprann nan 5 Videyo ki nan seri a:

- Ki jan nou pral kòmanse avèk pwogram M ap li nèt ak Je parle bien Francais
- Teknik pou ede elèv ou yo aprann li
- Fason efikas pou ou li pou elèv yo
- Plizyè metòd ansèyman pou ede timoun yo aprann
- Fason pou TOUT elèv ou yo angaje nan aprantisaj la!
- Ki jan pou ou ankouraje disiplin pozitif nan klas la.

Modil videyo yo fèt espesyalman pou pwofesè elèv ki ant laj sis ak diz an. Anpil nan teknik yo kapab adapte pou elèv tout laj.

Chak videyo gen yon mèt seremoni ki se Zandolin, yon zandolit, yon pèsonaj ilistre (ki soti nan seri televize pou timoun ayisyen an, Lakou Kajou). Li bay yon kontèks pou chak videyo epi li ajoute plezi pou moun k ap gade yo.

Nou espere ou pral renmen gade videyo sa yo epi li gid sa a!

A decorative border made of various colored pencils (blue, green, yellow, orange, red, purple) arranged in a rectangular frame around the page.

MODIL 1: M ap li nèt ale ak Je parle bien Francais

M ap li nèt ale” ak “Je parle bien Francais” se kourikoulòm pou lekòl ou. Objektik pwogram lan se pou konstwi abilite lekti elèv yo ni nan Kreyòl ni nan Franse anvan yo fini klas 4èm ane.

Videyo sa kapab ede ou:

1. Vin abitye ak M ap li Nèt ale ak pwogram Je parle bien Francais an.
2. Obsève yon pwofesè trè konpetan ann aksyon.
3. Aprann kèk metòd pou itilize M ap li nèt ale ak Je parle bien Francais nan klas ou.

An nou fè konesans ak materyèl pwogram nan!

Pwogram nan bay:

1. Yon Gid Mèt la ki prezante leson eskripte pou chak jou lekòl.
2. Yon Liv Egzèsis pou Kreyòl ak pou Franse pou elèv yo.
3. Liv Lekti Kreyòl ak Franse pou elèv yo.

Pou Kòmanse

Men kèk konsèy debaz pou ou sonje lè ou fèk kòmanse sèvi ak M ap li nèt ale ak Je parle bien Francais:


1. **Prepare travay ou.** Anvan elèv ou yo rive nan klas la, prepare leson an, revize li nan liv mèt la, antrene tèt ou, resite leson a wot vwa.
2. **Prepare elèv ou yo.** Anvan ou kòmanse yon leson, mache nan sal klas la pou asire ke tout elèv ou yo gen liv. Epi, asire ke tout elèv ou yo gen liv yo nan paj kòrèk la.
3. **Angaje elèv ou yo.** Pandan leson an sèvi ak teknik senp tankou gade timoun yon nan zye ak mache nan sal la pou ede yo rete konsantre sou travay la.
4. **Pale ak kè kontan.** Lè w ap li eskrip la, li leson an ak ton epi enèji. Sa ap motive elèv ou yo epi kenbe yo enterese nan leson an.
5. **Jwi travay la ak elèv yo.** Pwogram lan gen ladan chante ki kowòdone ak leson yo. Chante yo ede kenbe elèv yo konsantre epi yo ede kenbe lòd nan klas la.

KONSÈY: Kenbe eskrip M ap Li Nèt ak Je Parle Bien Francais (ki nan Gid Mèt la) nan men ou. Lè ou kenbe leson la tout tan, sa ap anpeche ou pèdi plas ou nan eskrip la.

KONSÈY: Chak leson nan pwogram la gen ti diferans, men yo pataje preske menm aktivite yo. Gid pou Mèt la gen yon eskrip pou ou ka konnen sa pou ou fè chak jou.

Kesyon pou refleksyon

1. Ki sa ki objektif prensipal nan pwogram M ap li Nèt ale ak Je parle bien Francais ?
2. Ki fason ou kapab prepare yon leson M ap li Nèt ale ak Je parle bien Francais yo?
3. Ki fason ou angaje elèv ou yo pi byen lè w ap prezante yon leson?



MODIL 2: Lekti Nan Lang Matènèl

Videyo sa ape de ou:

1. Aprann pou ki sa li enpòtan pou nou anseye nan lang manman timoun yo.
2. Aprann teknik debaz pou ou li pou timoun yo.
3. Aprann ki jan pou bay timoun yo opòtinite pou yo li epi pou yo mete an pratik tout ladrès y ap aprann nan pwogram M ap li nèt ale ak Je Parle Bien Francais.

Pwen Kle Nan Videyo A:

1. Aprann li difisil. Se poutèt sa li fè sans pou nou anseye timoun yon aprantisaj difisil nan yon lang yo konnen byen.
2. Aprann li nan lang manman ou bay timoun yo konfyas nan tèt yo, epi fè yo gen mwens tèt chaje nan konprann koneksyon son ak senbòl.
3. Rechèch montre ke timoun ap pi fasil aprann li lòt lang, tankou Franse, si yo te deja aprann li nan lang manman yo.

Li Pou Elèv Ou Yo:

1. **Planifye.** Anvan elèv ou yo antre nan klas la, prepare ou.
 - Chwazi yon liv ki pral angaje enterè elèv ou yo. Sa ki ka ede ou se si liv la se sou yon sijè ou diskite nan klas la, oubyen sou yon aktivite ki te fèt oswa ki pral fèt.
 - Abitye tèt ou avèk liv ou pral li pou elèv yo.
 - Devlope kesyon pou ou mande elèv ou yo sou liv la.
 - Idantifye youn (1) ou de (2) mo vokabilè ki parèt nan liv la pou bay yon atansyon patikilye ak elèv ou yo.

2. Anvan Lekti. Oryante elèv ou yo apwopo liv la.

- Montre elèv ou yo kouvèti liv la. Mansyone tit la, otè a, ak ilustratè a.
- Mande elèv yo kesyon ki pral fe yo reflechi sou liv la.
 - Èske ou ka li tit la?
 - Ki sa ou wè sou kouvèti a ?
 - Sou ki sa ou panse liv sa a pale?
 - Ki sa ou deja konnen sou sijè sa a?
 - Ki sa ou panse ka rive nan istwa a?

3. Pandan w ap Li.

- Li Liv la ak enèji, antouzyas, ak ekspresyon. Varye entonasyon ou pandan w ap pale.
- Montre mo vokabilè kle yo (oubyen fè yon jwèt, mande elèv yo pou leve men yo lè yo tande yon mo an patikilye).
- Fè kòmantè sou kontni an epi mande elèv ou yo pou klarifye kesyon tankou:
 - Pou ki sa ou panse personaj la te fè sa?
 - Eske ou panse te gen yon lòt chwa?
 - Eske se te yon bon plan?
 - Ki sa ou panse ki pral rive apre?

KONSÈY: Avèk yon lòt moun oswa yo gwoup, pratike li yon istwa. Li byen fò yon moun apre lòt. Apre sa pataje konsèy sou kòman nou ka enterese timoun yo nan liv la.

4. Apre Lekti a.

- Tcheke konpreyansyon elèv ou yo epi ankouraje bon refleksyon kritik sou liv la. Pou fè sa, mande yo kesyon tankou:
 - Ki moun ki ka di mwen sa ki pase nan liv la ?
 - Ki sa ou pi renmen nan sa ki pase nan istwa a ?
 - Ki pèsonaj ou pi renmen ? Pou ki sa ?
 - Èske ou panse pèsonaj yo te ka fè bagay yo yon lòt jan ?
 - Eske ou jamn gen yo eksperyans tankou pèsonaj yo ? Si wi, Pale mwen sou li?
 - Eske sa ki te pase nan liv la fè ou sonje yon bagay ki te pase nan vi ou?
- Fè aktivite ak elèv ou yo ki ranfose aprantisaj nan liv la. Men kèk lide:
 - Fè timoun fè teyat yon sèn nan liv la.
 - Mande elèv yo pou yo fè yon desen sou yo bagay yo te pi renmen nan liv la.
 - Mande elèv yo pou ekri yon lòt finisman pou istwa a. Ki sa ki ta rive si karaktè yo te ale yon lòt kote, te fè yon lòt chwa, rezoud yon pwoblèm yon lòt jan, boule ak yon moun yon lòt jan?
 - Fè timoun ekri yon istwa sou yon karaktè nan liv sa oubyen mande yo ekri yon istwa sou menm sijè a.

KONSÈY: Timoun yo aprann anpil lè ou li pou yo nan lang matènèl yo. Eseye li ak elèv yo an Kreyòl pandan 15 minit chak jou.

Bay elèv ou yo opòtinite pou yo pratike lekti

Nenpòt bagay yon moun ap aprann, e espesyalman yon ladrès ki difisil tankou aprann li, egzijje anpil pratik.

Men kèk teknik ou ka itilize nan klas ou pou bay elèv ou yo chans pou yo pratike lekti. Li ta bon si chak estrateji sa yo ka fèt nan tan pa li:

1. **Lekti nan Gwoup.** Sa ka ede elèv yo, sitou pi piti yo, lè yo li an ti gwoup. Pandan yon timoun ap li, lòt timoun yo ap koute.
2. **Lekti an parèy.** Yo pè timoun ansanm, youn li ak lòt.
3. **Li pou kont yo.** Timoun pi avanse kapab li pou kont yo nan plas yo. Sa pa yon bon estrateji pou sa ki fèk ap aprann li yo.

KONSÈY: Ou kapab travay ak yon ti gwoup elèv nan klas la pandan lòt timoun yo nan klas la ap travay nan plas yo.

Varye diferan kote timoun yo ka fè lekti!

1. Menm si pi fò tan lekti a se nan klas la, ou pa bezwen pè pou ou pèmèt timoun yo li nan lòt kote, menm deyò. (Men, asire ke ou kapab wè elèv ou pandan y ap li).
2. Si sa posib, enstale yon kwen lekti nan klas la kote timoun yo ka li alèz.

Ede timoun yo konprann ke lekti a toupatou

1. Pote anbalaj vid nan sal klas a. Fè timoun yo chèche mo yo konprann sou etikèt yo.
2. Si lekòl ou nan yon kote ki gen anpil pankat komès, oubyen lòt siy ekri, al mache pou chèche mo yo konnen. Fè yon pwomnad a pye kote timoun yo kopye mo sa yo wè nan wout la.

KONSÈY: Liv yo sèlman itil si elèv yo itilize yo! Kite elèv ou yo kenbe yon liv nan men yo!

Kite elèv ou yo sèvi ak liv yo !

Timoun yo bezwen kenbe liv nan men yo. Fò ou atann ou ak degradasyon liv yo jis nan move kondisyon pafwa. Sa se yon bon endikatè pou montre ou liv yo ap sèvi ! Men, li enpòtan tou pou nou ede timoun yo aprann pran swen liv yo. Mande yo pou retounen liv yo nan bifèt, etajè, oubyen plas yo lè yo fin itilize yo!

KONSÈY: Eseye bay elèv ou yo yon opòtinite pou li chak jou. Pratik la pral ede yo anpil!

Kesyon pou Refleksyon

1. Pou ki sa montre timoun yo li an Kreyòl se yon bagay ki enpòtan ?
2. Ki jan aprantisaj sa a an kreyòl ede timoun yo aprann li nan lòt lang, tankou franse ?
3. Ki sa ou ka fè anvan, pandan ak apre ou fini li pou timoun yo pou amelyore eksperyans lekti a?
4. Ki fason ou ka bay elèv ou yo posibilite pou li kont yo?



MODIL 3: Teknik Ansèyman Milti-Modal

Timoun yo aprann pi byen lè pwofese yo itilize divès teknik pou angaje elèv yo nan pwosesis aprantisaj la !

Videyo sa a ap ede ou:




1. Aprann twa fason pou ou prezante kontni elèv yo bezwen aprann.
 - Vizyèl
 - Oditwa
 - Kinestetik
2. Konprann ke teknik sa yo ka sèvi pou prepare leson literasi, matematik, syans ak lòt matyè.
3. Dekouvri ke lè ou entegre apwòch sa yo nan woutin travay la, ou ka devlope konesans timoun yo e apwofondi konpreyansyon yo.

Teknik Vizyèl

Teknik vizyèl itilize foto, imaj, kat, ak lòt grafik pou prezante enfòmasyon. Elèv yo ka pwodwi imaj sa yo pou tèt pa yo andedan sesyon aprantisaj yo, epi pwofesè a ka prezante kontni a sou fòm vizyèl.

Teknik sa bon pou leson nan nenpòt ki pòsyon nan kourikoulòm nan.

Nan videyo sa, pwofesè a montre yon leson literasi kote li sèvi avèk teknik sa a. Li te fè elèv yo desine foto nan twa sèk ki dekri kòmansman, mitan ak fen istwa a.



Ou ka ilitze teknik vizyèl pou lòt sijè.

Egzanp: Matematik

Senbòl matematik pa gen anpil sans pou kèk timoun pitit yo. Nan komansman, ou ka sèvi avèk koule pou montre diferans ant adisyon, soustraksyon, multiplikasyon, ak divizyon. Lè w ap travay sou pwoblèm ki gen plizyè etap, bay chak etap yon lòt koule pou ede timoun yo konprann pwosesis la.

Egzanp: Syans

Dyagram trè itil pou ede elèv yo aprann enfòmasyon syantifik. Elèv yo kapab ilistre fenomèn tankou etap nan sik dlo a, etap ki gen nan lavi a, oswa pwosesis pou fè yon eksperyans syantifik. Montre timoun yo grafik ak tablo, oubyen fè yo kreye grafik ak tablo ak done yo rekolte; se yon bon kalite zouti pou ede yo aprann syans ak vizyèl.

Egzanp: Istwa

Tan se yon konsèp abstrè. Fè elèv yo kreye de sekans dat ki reprezante moman enpòtan nan istwa Ayiti. Se yon bon fason pou ede elèv yo aprann sonje evènman listwa ak lòt aspè nan listwa.

KONSÈY: Ou pa bezwen pè ajoute bagay nouvo nan apwòch ou lè w ap anseye. Anpil anseyan gen sousi tan sa pran pou fè tout bagay. Teknik sa yo ka sèvi pou nenpòt objektif nan kourikoulòm nan. Si ou mete yo nan orè ou, yo pa si tèlman difisil. Eseye!

A decorative border made of various pencil icons surrounds the text. The pencils are arranged in horizontal rows at the top and bottom, and vertically along the left and right sides. Some pencils are oriented horizontally, while others are vertical.

Oditif

Apwòch oditif la itilize konpetans oral ak oditif pou ede elèv yo aprann. Pa egzanp:

1. Bay chak elèv yon parèy. Fe elèv yo eksplike konsèp yo youn ak lòt.
2. Mande elèv yo pou yo ekri etap ki genyen nan solisyon yon pwoblèm, epi li yo a wot vwa.
3. Sèvi ak pwezi, pwovèb ak chante ki gen rapò ak sijè y ap aprann nan.
4. Kreye opòtinite pou elèv yo diskite entre yo, sitou pou timoun pi gran yo, fè deba ak diskisyon pou montre diferan pwennvi nan yon pwoblèm. Sa pral amelyore kapasite kominikasyon yo.

Kinèstetik

Apwòch kinèstetik la itilize mouvman sansoryèl ak fizik pou enplike elèv yo nan pwosesis aprantisaj la. Men kèk egzanp:

1. Sèvi ak materyèl ki fasil pou jwenn tankou bouchon boutèy, wòch, sache pou demontre konsèp nan matematik, syans, ak lòt sijè.
2. Fè elèv yo deplase nan plizyè ti gwoupman pou kominike avèk lòt kamarad klas la, epi sa ede timoun yo detire kò yo.
3. Jwe jwèt ki konekte objektif klas la e ki pèmèt elèv yo deplase, danse, kominike.

Fè Pwòp Zouti Ou!

Men kèk lide pou ou fè pwòp zouti ou nan klas ou:

Lèt ak Kat Nimerik


1. Kreve kat ki gen chif ak lèt an katon.
2. Sèvi ak yon makè pou ekri lèt ak nimewo sou chak kat. Yon sèl pou chak kat.
3. Pwoteje kat yo pou ede yo dire pi lontan; kouvri yo avèk tep kle.

Zouti pou Konte ak Triye

Koleksyone, fè elèv yo chèche bouchon boutèy ki gen koulè.

1. Ou ka sèvi ak bouchon yo pou ede elèv ou yo aprann konsèp matematik debaz lè ou ranje bouchon yo nan diferan fason.

Pa egzanp: $2+2=?$ Oswa $3+1=?$



2. Elèv yo ka fè divès egzèsis triyaj lè yo fè diferan aranjman avèk diferan koulè oubyen fòm.

Zouti literasi

1. Avèk bouchon boutèy, sèvi ak yon makè pou ekri yon lèt diferan andedan chak bouchon. Timoun yo ka fè aranjman bouchon pou yo eple mo.



Materyèl pou ou ranmase pou itilize nan klas:

Men yon lis materyèl anpil pwofesè rekòmande ki ka ranmanse pou sèvi yon fason kreyatif nan klas la :

- Vèsò vid/katon
- Bwat Katon
- Pwa
- Bouton
- Fil, fisèl, lenn
- Ti wòch
- Ti bout bwa
- Sab oswa mayi moulen mete nan yon bwat katon oswa sou yon plato (elèv yo ap trase nimewo ak lèt ladan yo)
- Retay twal
- Vye rad, vye mouchwa, vye chapo
- Bouchon boutèy ak Kouvèti bwat

KONSÈY: Si sa posib, mande elèv ou yo ak paran yo pou ede ou koleksyone bagay sa yo!

Kesyon pou refleksyon

1. Travay avèk yon patnè, brase lide sou aktivite vizyèl, aktivite oditif ak aktivite kinestetik ou ka itilize pou anseye yon leson lekti nan klas ou. Epi, brase lide sou aktivite pou matematik, syans ak istwa. Pataje lide ou yo ak lòt pwofesè yo.
2. Travay avèk yon patnè, kreye yon aktivite ou ka itilize ak klas ou ki itilize yon materyèl ki fasil pou jwenn tankou wòch oswa papye.



MODIL 4: 100% Patisipasyon

Objektif chak pwofesè se motive tout elèv yo pou patisipe nan travay klas la pandan 100% tan an. Men, sa pa fasil.

Videyo sa ape de ou:

Aprann twa estrateji pou angaje èlev ou yo.

- Vire - Pale
- Kanpe, Leve Men, Travay a de (2)
- Siyal ak Men

Estrateji sa yo ka sèvi nou nan tout matyè epi nan tout klas depi preskolè, rive nan 9èm ane.

Vire-Pale

Estrateji sa a pèmèt tout elèv yo patisipe nan diskisyon yo, olye se kèk grenn elèv k ap pale lè se yon sèl diskisyon pou tout klas la. Sa bay tout elèv yo yon opòtinite pou travay sou aprantisaj alòske y ap angaje nan konvèsasyon enpòtan ak kamarad klas yo.

Ki Lè Pou Nou Itilize Li

Itilize Vire-Pale nenpòt ki lè pandan leson yo pou ankouraje patisipasyon ak aprantisaj aktif:

- Sèvi avè li pou degoudi klas la pou pale sou leson yo te aprann lavèy.
- Apre 5-7 minit ansèyman nan yon leson pou ede yo pale sou sa yo fèk tande a.
- Pandan diskisyon klas la pou bay elèv yo plis vwa.
- Pou klotire yon kou, pou elèv yo revize sa yo fèk aprann.

Ki Jan Pou Nou Itilize Yo

1. Tou dabò eksplike timoun yo ke Vire-Pale se yon estrateji nou pral itilize anpil nan klas la. Objektif sa se pou elèv ou yo pataje lide ak parèy yo.
2. Li enpòtan pou nou bay elèv yo enstriksyon klè. Pa egzanp:

Pwofesè a di: Lè mwen di “vire” ou pral gade parèy ou epi di “pale” epi kòmanse diskite. Lè mwen bat men m, nou pral vire epi tounen gade m.

3. Tout elèv pral travay ak parèy yo an menm tan. Sa vle di klas la pral fè bwi. Men pa enkyete w. Sa ka vle di ke elèv ou yo angaje ak leson a.

Leve Kanpe, Leve Men, Travay A De (2)

Teknik sa bon pou ankouraje inite nan kas la epi pou monte enèji klas la. Li se yon bon fason pou kòmanse yon leson, revize enfòmasyon oswa fini yon inite nan plan ansèyman ou.

Ki Lè Pou Nou Itilize Li

Sevi ak Leve Kanpe, Leve Men, Travay A De (2) nan nenpòt ki moman nan plan leson ou si ou bezwen yon patisipasyon ki gen sans ak enpòtans, epi nan konvèsasyon ak tout elèv yo.

- Anvan ou entwodwi nouvo kontni pou wè ki sa elèv yo deja konnen.
- Apre yon inite nan plan ansèyman ou pou revize mo teknik yo.
- Anvan elèv yo kòmanse yon nouvo devwa, tankou yon pwoblèm matematik oubyen syans, pou ranmase lide ak fòm ipotèz.

Ki Jan Pou Nou Itilize Li

1. Kòmanse pa mande elèv ou yon kesyon.
2. Di elèv ou yo pou mete men yo anlè epi mache nan klas la jis yo jwenn yon parèy.
Le yo jwenn parèy yo, fò yo kenbe men yo ansanm ak diskite sou kesyon an. Lè yo fini pataje ak parèy sa a, fò yo mete men yo anlè a epi jwenn yon nouvo parèy.
3. Pèmèt elèv yo chanje patnè jis tan ou bat men ou pou ou rele yo tounen nan plas yo.
4. Mande 1-2 elèv pataje sa yo te aprann nan entèraksyon yo.
5. Remak: Si elèv yo pi piti, bay yo kèk minit pou echanj la. Elèv ki pi gran ak elèv ki abitye ak teknik sa yo pral kapab rete konsantre pandan plis tan.

KONSÈY: Si ou wè kèk elèv ki pa rete konsantre sou travay la, pwoche kote yo epi mande yo yon kesyon pou remete yo sou travay la.



Siyal Men:

Siyal men pèmèt pwofesè yo angaje klas la pandan y ap tcheke konpreyansyon elèv yo.

Ki Lè Pou Nou Itilize li:

Lè pwofesè a vle tcheke konpreyansyon, mande yon kesyon ak repons kout tankou: wi/non, dakò/pa dakò, oubyen chwa miltip).

- Mande kèk elèv yo pou yo rezoud de pwoblèm matematik sou tablo a pandan rès elèv yo pa travay sou kaye yo. Lè tout moun fini, mande klas la reponn dakò/ pa dakò ak chak repons ki sou tablo yo.
- Mande yon kesyon sou yon sijè ki mennen kontwovès epi mande si elèv yo “dakò” oswa “pa dakò” pou kòmanse yon deba.
- Repase kesyon chwa milip nan yon egzamen. Mande elèv yo pou montre 1,2,3,4, oswa 5, dwèt pou montre repons yo chwazi a.

Ki Jan Nou Itilize li:

1. Pwofesè a mande, montre oswa li yon kesyon a wot vwa.
2. Pwofesè a bay elèv yo tan pou yo reflechi pou kont yo.
3. Pwofesè a rele: “1,2,3,4” pandan l ap frape pwen li yo sou pla men li.
4. Tout moun montre repons yo ak yon pous dwèt an lè oubyen yon pous dèt anba pou di: wi/non, dakò/pa dakò. Pou chwa miltip montre valè dwèt ki koresponn ak repons korèk la).

KONSÈY: Li ta ka pran yon ti tan pou ou vin abitye ak itilizasyon apwòch sa yo men eseye epi bay yon ti tan. Menm jan ou konnen elèv ou yo bezwen pratike, ou menm tou si ou pratike teknik sa yo, ou pral wè yo vin pi fasil ak pi efikas!

Kesyon Pou Refleksyon

1. Ki fason ou ka ilitize teknik “Vire-Pale” “Leve Kanpe, Leve Men, Travay a de”?
2. Ki lè ou panse li ta bon pou ou sèvi avèk siyal men?
3. Ki estrateji efikas ou ka eseye si elèv ou yo timid nan itilizasyon teknik ki nan videyo yo?



MODIL 5: Disiplin Pozitif Nan Klas La

Chak pwofesè konnen ke gen de jou lè yo santi elèv yo patikilyèman dezòd ak dezobeyisan. Pafwa li ka difisil pou klas a retounen nan lòd. Nan videyo sa, ou pral aprann kèk teknik pou kreye yon atmosfè respè nan klas la.

Pwen Kle Nan Videyo Sa a:

1. Se ou ki modèl la. Elèv ou yo ap suiv ou. Se ou ki bay klas la yon ton.
2. Lè ou fache, fòs fizik, se pa fason ki pi efikas pou fè elèv yo tande ou.
3. An Ayiti, pinisyon fizik, kou, fwèt, baton, kont lalwa.
4. Gen kèk estrateji kle ki ka ede elèv ou yo aprann santi yo responsab klas yo a pandan ou menm w ap mentni lòd ak disiplin pozitivman.
 - Ankouraje konpòtman pozitif lè ou wè sa rive devan ou.
 - Travay avèk elèv ou yo pou kreye règleman klas yo.
 - Ede elèv ou yo travay ansanm pou rezoud konfli olye ou eseye rezoud tout pwoblèm pou yo.

Bay yon bon egzanp

1. Yon anviwònman kal ak òdone kòmanse avèk konpòtman pa ou. Konpòte ou jan ou ta vle timoun yo konpòte yo. Pasyans ak angajman pozitif se 2 zouti pou kenbe yon anviwònman efikas.
2. Fè atansyon ak ton ou. Ou pral pi efikas kòm yon pwofesè si ou toujou poze.
3. Nou tout pèdi pasyans nou pafwa. Lè ou rann ou kont ou pèdi pasyans, kanpe sa w ap fè, respire anvan ou pale ankò. Timoun yo dwe aprann respire tou. Ou ka montre yo fè sanblan y ap gonfle yon blad. Lè yo sot nan rekreyasyon, fè yon mete men yo sou kè yo, santi batman yo, epi respire an pwofondè 3 fwa.

Prepare ak Akeyi

1. Fò ou toujou pare pou klas la chak jou. Lè ou planifye leson ou alavans/davans, ou pral santi ou pi poze pandan jounen an.
2. Mete anbyans la depi lè elèv yo parèt lekòl lè maten. Salye elèv ou yo ak kè kontan.
3. Panse a kòmanse chak jou avèk yon reyinyon an sèk. Ouvè aktivite klas la avèk chante oswa egzèsis vèbal, tankou yon pwezi. Sa pral ede klas la gen kè kontan ak santi yo nan yon bon kominote. Reyinyon an sèk ka mete yon ton pozitif pou tout jounen an.

Estrateji Sal Klas La

1. Règ Klas Yo.

- Travay avèk elèv ou yo pou devlope yon seri règleman pou klas la. Lè elèv yo kreye règleman yo, yo pral santi yon pi gwo responsabilite pou suiv yo.
- Si posib, kopye règleman yo sou katolin epi afiche règleman yo kote ke tout moun ka li yo epi revize yo.
- Si yon elèv dezobeyi yon règleman, mande elèv la pou idantifye ki règleman li pa respekte.. Ankouraje elèv yo konprann sa ki pa bon epi pran responsabilite pou tout sa yo fè.

2. Pou ankouraje bon konpòtman, siyale bon konpòtman.

- Rekonpanse bon konpòtman ka ede diminye move konpòtman elèv yo.
- Si yon elèv gen yon repitasyon pou move konpòtman, fè yon efò espesyal pou konplimante li lè li fè bagay ki bon.

3. Ankouraje elèv ou yo.

- Yon souri, yon lanmen, yon ti kore, tout se bon fason pou motivasyon timoun yo.

4. Gide elèv ou yo pou travay pou rezoud konfli yo.

- Olye ou rezoud konfli elèv yo, kite elèv yo travay ansanm pou rezoud yo. Kòmanse pa mande elèv ki an konfli yo pran yon poz pou yon moman. Mande chak elèv sa ki te pase. Eseye ede chak elèv wè pèspektiv lòt la ak pran responsabilite pou pati pa li nan sa ki te pase a. Mande kèk kesyon ki ka ede travay sou konfli a:
 - Pou ki sa pwoblèm sa a te rive?
 - Ki jan chak moun te ka konpòte tèt li yon lòt jan?
 - Ki jan aksyon chak moun fè lòt moun nan santi li?

5. Jere pwoblèm konpòtman yo ak kanpo.

- Si klas ou a patikilyèman dezobeyisan yon jou, eseye sa: depoze tout kreyon, liv, ak papye; dirije elèv yo nan yon egzèsis respirasyon pwofon. Ou ka santi se yon bagay ki dwòl premye fwa ou fè sa, men a se yon fason pou tout moun kalme.

Kesyon Pou Refleksyon

1. Pou ki sa pinisyon kòpòrel (baton) kont lalwa ann Ayiti?
2. Ki fason ou ka reprann kontwòl sou klas la si li gen twòp dezòd?
3. Ki estrateji ou ka itilize si ou santi w ap pèdi pasyans ak elèv ou yo?

Mo Nou Dwe Konnen

Mo

Definisyon

Bon Modèl

Yon moun ki bay bon egzanp pou lòt swiv.

Gwo Nivo Panse

Kapasite pou analize, entèprete, evalye, rezone ak rezoud pwoblèm lè yo egziste.

Je Parle Bien
Français

Kourikoulòm nan lang franse pou aprantisaj timoun laj piti.

Konpreyansyon Liv

Konprann efikasan mo ekri yo.

Konsantre Sou
Travay
Kontak Zye

Konsantre sou sa ou dwe fè.
Yon fòm de komikasyon ki pa gen mo vèbal.

Lakou Kajou

Yon seri videyo pou timoun ki anseye sou literasi, matematik, syans, ak lòt konsèp.

Leve kanpe, Leve
Men, Travail Sou
Teknik Ansenm

Yon teknik ki angaje elèv yo ak aktivite.

Literasi, Lekti

Konprann jan lèt yo fòme son ki fòme mo.

M ap li Nèt

Kourikoulòm lekti an Kreyòl pou timoun piti.

Patisipasyon Elèv La

Nivo atansyon elèv yo genyen lè y ap aprann

Mo

Definisyon

Pinisyon Kòporèl

Yon pinisyon ki gen entansyon pou bay doulè fizik, mètod baton. Li kont la lwa ann Ayiti.

Prensip Alfabetik

Konprann ke lèt yo reprezante son ki fè mo yo.

Senbòl

Relasyon ant son ak lèt.

Siyal Teknik Ak Men

Yon teknik ki pèmèt pwofesè yo angaje yon klas pi vit ak gade konpreyansyon elèv yo.

Teknik Ansèyman
Kinestetik

Yon estrateji ansèyman ki anplwaye men ou pou ede elèv yo aprann enfòmasyon yo.

Teknik Oditif Pou
Ansèyman

Yon estrateji ansèyman ki kominike enfòmasyon pou ou tandè, pale, chante, ak lòt vokalizasyon.

Teknik Vizyèl

Yon estrateji ansèyman ki itilize foto, imaj, ak grafik pou prezante enfòmasyon.

Vire-Pale

Yon estrateji ansèyman ki ankouraje patisipasyon tout elèv ansanm.

Zandolin

Pèsonaj nan Lakou Kajou, yon emisyon pou timoun.



